



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS 12 MILYON DOLA POU SANT DOMINIKEN
POU ZÈV ATISTIK AK KILTI NAN NÒ MANHATTAN**

***Otorite Eta, federal ak lokal yo kreye patenarya ak Enstiti Etid Dominikèn CUNY
pou etabli sant kiltirèl inik ki dedye pou zèv atistik ak kilti ki soti nan Repiblik
Dominikèn***

***Sant lan pral enkli mize ak espas egzibisyon, teyat, bibliyotèk pou timoun yo, ak
yon pwojè istwa oral ak achiv pou prezève istwa kiltirèl Repiblik Dominikèn lan ak
Nouyòkè ki se desandan Dominiken yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 12.5 milyon dola pou etabli yon Sant Dominiken pou Atizay ak Kilti (Dominican Center for the Arts and Culture) nan nò Manhattan. Dirije pa Enstiti Etid Dominikèn (Dominican Studies Institute, DSI) nan City College of New York, sa a sant kiltirèl inik ki dedye a prezève ak selebre atizay ak kilti Repiblik Dominikèn ak Nouyòkè ki se desandan Dominiken yo.

"New York pa t ap sa nou ye jodi a san kominote Dominikèn nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè sant atistik ak kiltirèl inik li a, New York pral selebre epi prezève istwa Repiblik Dominikèn ak kontribisyon anpil Ameriken dorijin Dominiken yo te fè pou ede fòme kominote Nò Manhattan nou an pou vin sa li ye jodi a."

Sant Dominiken pou Zèv Atistik ak Kilti pral lokalize nan seksyon Washington Heights/Inwood nan Manhattan. Sant lan ap gen ladan l:

- Yon mize ak espas egzibisyon pou montre atis Dominiken ak Latino yo – sèl espas egzibisyon enstitisyonèl wo gam inik nan Nò Manhattan, ki ouvè gratis pou piblik la.
- Yon espas teyat oswa oditoryòm pou espektak, mizik, pwojeksyon fim, oswa gwo konferans, ekipe ak sistèm son ak ekleraj dènnye kri.
- Yon bibliyotèk pou timoun ki pral konsantre sou prezèvasyon lang Panyòl la, ki jere pa yon branch Bibliyotèk Piblik New York an kolaborasyon avèk Bibliyotèk Dominikèn CUNY DSI a.
- Yon pwojè istwa oral ak achiv ki konsantre sou prezève istwa kiltirèl katye a.

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Investisman sa a pral pèmèt Enstiti Etid Dominikèn CUNY an kreye yon sant ki selebre istwa rich ak tradisyon Repiblik Dominikèn, ki gen moun ki reprezante pi gwo gwoup imigran nan vil nou an ak nan Inivèsite a. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li sonje anpil kontribisyon enpòtan desandan Dominiken yo fè, ak wòl kle yo jwe nan istwa New York la."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Kilti Dominiken ak dyaspora a te gen yon enpak ki pa ka nye sou kominote yo atravè nasyon an, epi okenn kote pa pi evidan pase isit la nan Vil New York, epi sitou nan Nò Manhattan. Gen yon bezwen ijan pou yon sant kiltirèl Dominiken pou rekonèt ak selebre kontribisyon kominote nou an. Mwen apresye pwofondman Gouvènè Hochul pou angajman li genyen plis pase 12.5 milyon dola nan finansman eta a pou sipòte devlopman sant la. Avèk anons jodi a, mwen pral ede avèk siksè jwenn prèske 38 milyon dola nan investisman piblik pou pèmèt pwojè vizyonè sa a reyalize."

Manm Asanble Manny De Los Santos te deklare, "Mwen kontan anpil pou m selebre etap enpòtan sa a nan objektif nou pou etabli Sant Dominiken pou Atizay ak Kilti nan distri mwen an. Sant lan pral ede prezève ak pwomouvwa kilti Dominiken nou nan tout Nò Manhattan, Vil New York, ak pi odela. Nouyòkè yo, vizitè yo, ak jenerasyon k ap vini yo pral kapab aprann epi fè eksperyans rich eritaj Dominiken an ki fasone epi ki kontinye fòm kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li pataje vizyon sa a, li sipòte kominote a ak finansman ki pral ede reyalize pwojè enpòtan sa a."

Manm Konsèy Vil New York la, Carmen De La Rosa, te deklare, "Mèsi, Gouvènè Hochul, pou angajman w pou remonte istwa pèp Dominiken an. 12.5 milyon dola nan finansman pou Sant Kiltirèl Ameriken dorijin Dominiken an enpòtan anpil pou anprent kiltirèl ak eritaj anpil jenerasyon Dominiken ki te rete isit la epi ki te transfòm kominote nou yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)